

KELAS :

NO. ABSEN :

**ASESMEN SUMATIF AKHIR JENJANG
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025**

Pilihan Ganda

1. Perangan naskah drama kang awujud guneman paraga siji lan siji liane diarani?

2. Drama minangka karya sastra kang mujudtake prakara lan emosi kang diwedarake kanthi sarana solah bawa lan?

3. Peranganing naskah kang mapan ing wiwitan biasane ngandharake crita sing arep digelar diarani?

4. Bagean saka alur minangka kedadegan pungkasan lan kala-kala menehi wangsulan tumrap sakabehing perkara kang dumadhi diarani?

5. Paraga sajroning crita drama nindakake pacelathon karo paraga liyane. Ing ngisor iki ora klebu becik e paraga guneman sajrone drama yaiku?

6. Drama utawa sandiwara mujudtake pagelaran klebu seni?

7. Nalika nulis teks drama, ana saperangan babagan kang ditulis sajroning tanda kurung, ing ngisor iki kang ora klebu perangan kang ditulis sajroning tanda kurung, yaiku?

8. Ing ngisor iki kang ora klebu peranan sing ditindhakake nalika ngrantam teks sandiwara yaiku?

9. Ing pagelaran drama tradisional sing underane crita ing kraton, ana paraga prajurit sing tansah mloka-mlaku ing pendhapa kraton. Paraga mau amung lewat sak klebatan tanpa ngucapake dialog ing saperangan adegan. Paraga kang mengkono diarani?

10. Katerangan ing ngisar iki kang nggambarake babagan alur yaiku?

11. Ludruk iku minangka salah sawiji ning seni tradisional saka?

12. Pokok crita kang dadi dasar lakon ing crita sandiwara diarani?

13. Minangka pelaku kanggo nglakokake crita sajroning pagelaran drama diarani?

14. Rantaman lakon sandiwara apadene drama minangka rerangkening adegan-adegan diarani?

15. Ing ngisor iki kang ora klebu drama tradisional yaiku?

16. Urut-urutaning prastawa kang kedadheyan sajroning crita diarani?

17. Setting sawijining sandiwara ngandhut unsur?

18. Paraga iki lumrahe nentang dalane crita lan dadi musuhe paraga kang nyengkuyung dalane crita, adate paraga iki ora disenengi dening pamiarsa. Paraga iki diarani?

19. Ing pementasan sandiwara dumadi saka babak-babak, saben babak iku lumrahe dumadi saka pirang-pirang?

20. Sakdurunge nganakake pagelaran drama kudu nyepakake naskah kang ngandhut lakune crita lan peranan liyane sing diarani?

**ASESMEN SUMATIF AKHIR JENJANG
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025**

Jodohno unsur intrinsik drama karo pengertian sing bener ing ngisor iki!

UNSUR INTRINSIK DRAMA

TEMA

PENGERTIAN

- Babagan kang nuduhake lakon utowo tokoh kang ana sajroning crita.

**PARAGA LAN
WATAK E**

- Babagan kang nuduhake urutaning kedadeyan utawa prastawa sajroning crita kang diwedhar.

ALUR / PLOT

- Babagan kang dadi gagasan pokok, ide, utowo uderaning prakara sajroning crita drama kang digelar.

LATAR

- Babagan nerangake piweling kang kandhut sajroning pagelaran drama kang biso dipethik dening poro pamiarso/penonton.

AMANAT

- Babagan kang mujudtake keterangan penudhuh kang biso nggambarake wektu, panggonan, lan swasana dumadhine lelakon sajroning crita.

DRAMA TRADISIONAL

LUDRUK

- Wujudte teater tradisional kang diwedhar kanthi dialek betawi sing asale saka jakarta.

LENONG

- Salah sijine kesenian saka jawa timur kang digelar ing panggung kanthi isi crita kauripan saben dina, kang kairingan lawak lan gamelan.

DRAMA GONG

- Drama teater tradisional saka minangkabau kang nggabungake maneka unsur seni, kaya: silat,tari,lan musik.

RANDAI

- Drama teater tradisional masyarakat adat penutur basa makasar ing tlatah Sulawesi selatan.

KONDOBULENG

- Drama teater tradisional saka bali kang ing sajroning pagelaran lakuning paraga sinaoso kairingan gamelan gong kebyar.

**ASESMEN SUMATIF AKHIR JENJANG
BAHASA JAWA KELAS 9
SMP WACHID HASJIM 9 SEDATI
TAHUN AJARAN 2024/2025**

Wacanen kanthi permathi punggelan teks drama ing ngisor iki!!!

Judul: Piweling e ibu supoyo ora nampo artha suap

BUNGA ; Kulanuwun, bu

Bu ASRI ; Kok mulih ndisik i ndhuk?

BUNGA ; Inggih bu, amargi sakmenika saweg rame pencalonan lurah.

Bu ASRI ; Oalah ngunu, ana crita apa saka kelurahan?, biyasane awakmu lak crita marang ibu menawa ana kedadèn opo bae ing kantor kelurahan.

BUNGA ; Punika bu, kalawau pak jaya, calon lurah enggal badhe maringi kulo artha kangge ngurusi administrasi pencalonan lurah, menawi lumrahipun dipun wastani *suap* bu.

Bu ASRI ;Lho tenane? Kok kebangeten to?

BUNGA ;Tenang bu, kula tasih ngugemi ngendhikane ibu bilih menawi kulo dadhos tiyang mboten pareng nampi arto *suap* bu.

Bu ASRI ;Oh yo ngunu alhamdhulillah, ibu seneng menawa kaya ngunu ndhuk. Yawis kana banjur istirahat nang omah ae ibu wis seneng marang tindhak becikmu ndhuk.

BUNGA ;Nggeh bu, Maturnuwun.

Berilah tanda (v) di kolom benar atau salah, pada pernyataan dibawah ini!

No.	PERNYATAAN	BENAR	SALAH
1	Saka tembung dialog ing ndhuwur, watak e paraga bunga uga bisa diwastani teladhan lakuning anak kang urmat marang wong tuwo lan teteg ngugemi piweling saka ibu ne.		
2	Bunga lan ibu ne padha dene nggunakake basa ngoko lugu amerga wis rumaket lan kulina.		
3	Bunga ora nampa duwit saka calon lurah anyar amerga kelingan piweling ibune yen ora kena nampa duwit suap.		
4	Naskah drama ing dhuwur kalebu sajroning naskah melodrama.		
5	Ing sajroning naskah drama ing dhuwur dijelasake yen bu asri marang bunga ganggo guneman basa karma alus.		